# Avi Konsènan Dwa Anplwaye yo: Konje Sekirite ak Maladi

Ou gen dwa a konje maladi ak konje sekirite epi konje prenatal peye. Ou gen dwa sa a kèlkeswa sitiyasyon ou ak imigrasyon. Patwon ou dwe ba ou sa a ki ekskplike dwa ou yo.

## Kantite Konje:

| **Konje Sekirite ak Maladi** (tèt ou oswa nenpòt moun ou konsidere kòm fanmi ou) | **Konje Prenatal Peye** (swen sante pou tèt ou pandan gwosès) |
|---|---|
| • Tout anplwayè dwe bay jiska **40 èdtan konje an sekirite ak konje maladi** chak ane kalandriye.<br>• Patwon ki gen 100 oswa plis anplwaye dwe bay jiska **56 èdtan konje sekirite ak maladi** chak ane kalandriye.<br>*Travayè aplentan ak a tan pasyèl touche lajan an sekirite ak konje maladi nan yon pousantaj de* ***1 èdtan pou chak 30 èdtan travay.*** | • Tout anplwayè yo dwe bay yon kont bankè apa de **20 èdtan konje prenatal peye.** |

Ane kalandriye patwon ou se: ________________ ak ________________
Premye mwa / Dènye mwa

Ou gen dwa pou resevwa konje sekirite ak maladi **PEYE**:

- Patwon ou gen 5 oswa plsi anplwaye.
- Patwon ou an gen mwens pase 5 anplwaye men yon revni nèt 1 milyon dola oswa plis.
- Travay ou nan kay yon moun kòm yon travayè domestik; pa egzanp, moun k ap gade timoun, travay nan kay, oswa travayè konpayon. oubyen travayè sosyal.
  *Remak: Lwa a kouvri 1 oswa plis travay domestik k ap travay nan yon kay.*

Ou gen dwa pou resevwa konje sekirite ak maladi ki **PA PEYE**:

- Patwon ou gen mwens pase 5 anplwaye epi yon revni nèt ki mwens pase 1 milyon dola.

Ou ka itilize transfere konje sekirite ak maladi nan pwochen ane kalandriye a.

## Itilizasyon Konje Sekirite ak Maladi:

- Itilize li pou sante ou, tankou kote pou w jwenn swen medikal oswa pou rekipere apre yon maladi oswa chòk.
- Sèvi avè l pou pran swen yon manm fanmi ki malad oubyen li gen yon randevou medikal.
- Itilize li lè travay oswa lekòl pitit ou fèmen poutèt yon ijans sante piblik.
- Itilize li pou sekirite ou oswa pou yon fanmi poutèt vyolans domestik, kontak seksyèl ou pa vle, tizonnay, oswa trafik moun.

Patwon ou ka egzije ou bay avi davans sou plan pou itilize konje sekirite ak maladi; pa egzanp pou patisipe nan yon renvoud doktè oswa odyans tribinal ki pwograme. Ou pa oblije bay avi davans pou yon itilizasyon konje sanzatann; pa egzanp, maladi oswa yon ijans medikal.

Ou gen dwa pou yo pwoteje vi prive ou. Ou pa oblije bay patwon ou detay sou poukisa ou te itilize konje a.

Si ou itilize plis pase twa jou konje youn apre lòt, patwon ou ka mande dokiman.

## Divilgasyon ekri obligatwa:

Anplwayè ou a dwe:

- Ba ou yon règleman alekri ki eksplike kijan pou itilize benefis ou yo.
- Di w konbyen konje ou te itilize ak konbyen konje ou te kite pou chak peryòd peman.

## Okenn Vanjans:

Li ilegal pou pini oswa revoke anplwaye ki mande oswa ki itilize konje oswa ki rapòte vyolasyon.

NYC Consumer and Worker Protection

**Kontak Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent.**

Vizite **nyc.gov/workers** | Rele **311** epi mande pou "Konje Sekirite ak Maladi Peye"

Epitou, ou ka bay enfòmasyon yon fason ANONIM.

05/30/2025